QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRIǴI

**Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2021-jıl 28-avgusttaǵı "Ata-anası qaramaǵınan ayrılǵan hám jetim balalardı turaq-jai menen támiyinlew ushın qarjı ajıratıw ilajları haqqında"ǵı 488-sanlı qararı tuwralı**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 9-avgusttaǵı "Jetim balalardı hám ata-anası qaramaǵinan ayrılǵan balalardı mámleket tárepinen qollap-quwatlawdıń jańa sistemasıń eńgiziw ilajları haqqında"ǵı PQ-5216-sanlı qararında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın tamiyinlew boiyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2021-jıl 28-avgusttaǵı "Ata-anası qaramaǵınan ayrılǵan hám jetim balalardı turaq-jai menen támiyinlew ushın qarjı ajıratıw ilajları haqqında"ǵı 488-sanlı qararıń orinlaw maqsetinde

**BUYIRAMAN**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2021-jıl 28-avgusttaǵı "Ata-anası qaramaǵınan ayrılǵan hám jetim balalardı turaq-jai menen támiyinlew ushın qarjı ajıratıw ilajları haqqında"ǵı 488-sanlı qararı basshlıqqa alınsın hám orinlanıwı tamiyinlensin.
2. Ministrliktiń "Buhgalteriyalıq esap hám buyırtpalardı tamiyinlew" bólimi bas esapshısı(G.Brkmuratova)na:
   - 1-sanlı "Mehribonlıq úyi"n pitkerip ketken 33 tarbiyalanıwshılarına turaq-jai menen tamiyinlew ushın 2 574 000 000 (eki milliard bes juz jetpıs tórt million) súm ajıratilǵan qarjını maqsetli paidalanıw ushın qadaǵalansın.
3. Balalardı sociallıq qorgaw ham qollap-quwatllaw sektorı baslıgı(A.Aimuratov)na:
   - Ata-anası qaramaǵınan ayrılǵan hám 33 jetim balaǵa ajıratılǵan turaq-jailardıń jasaw ushın barlıq sharayatlarǵa iye bolǵan halda tapsırılıwın hám qarjılardıń belgilengen tártipte maqsetli jumsalıwın tamiyinlensin.
4. Usı buyırıqtıń qadaǵalawın ministr orınbasari Sh.Tadjimuratovqa jukletilsin.

**Ministr** **R.Reimov**

Nókis qalası,
2021-jıl «09» sentyabr
200/1-sanlı